

Elèv yo nan Pwogram Ete PPSD a nan Young Woods Elementary School.

# KONEKSYON

29 JIYÈ 2022

## KWEN SIPÈ-ENTANDAN AN



**DR. JAVIER MONTAÑEZ**
Sipè-entandan

Byenvini nan dènye edisyon bilten enfòmasyon chak de semènl Distri Lekòl Piblik Providence lan (PPSD)! Si oumenm oswa yon moun ou konnen rate nenpòt nan bilten nou yo, ou ka jwenn edisyon ki sot pase yo sou sitwèb Distri a nan plizyè lang.

Fèmti eka nan akonplisman epi ranfòsman distri lekòl ke elèv nou yo merite a se yon efò pandan tout lane a. Sa pa te janm plis klè pase ete sa a! Genyen yon kantite pwojè ak amelyorasyon ki ankou yo pou ede nou kòmanse ane lekòl 2022-23 a yon fason ki solid nan mwa pwochen an.

Byento elèv yo pral fini pwogram aprantisaj ete yo a nan tout nivo klas yo. Elèv K-8 nou yo te elaji edikasyon yo atravè aprantisaj aktif ki baze sou pwojè nan kou alfabetizasyon, matematik, STEM, ak kou atistik ki anrichisan. Anplis de retablisman kredi, elèv lekòl segondè nou yo te anmezi pou aksede nan pakou karyè atravè kou sou Edikasyon Pwofesyonèl ak Edikasyon Teknik (CTE) yo. Mèsi ak plizyè milye manm pèsonèl ki dedye ki te ede nou rann pwogram aprantisaj ete nou an posib!

Nan menm moman an, batiman yo nan Distri a ap resevwa plizyè milye dola nan amelyorasyon ki itilize yon fon kapital renouvlab ki etabli avèk vil Providence lan. Amelyorasyon sa yo genyen ladan pòs pou ranpli boutèy dlo nan tout lekòl yo, pou repli plizyè planche djim, ranplasman chodyè, ak lòt gwo amelyorasyon yo.

Epitou Distri a ap fòme nouvo patenarya pou etabli wout pou pwofesè lokal yo ak pou bay opòtinite devlopman pwofesyonèl pou manm pèsonèl la. Plizyè douzèn elèv ki fèk diplome nan PPSD te rejwenn yon patenarya ant Distri a ak Sendika Lokal 1033 ki fèt pou ede diplome yo pou antre nan pwofesyon ansèyman. Epitou Distri a te fè patenarya avèk Johnson and Wales University pou bay gwo rabè pou manm pèsonèl PPSD k ap pouswiv diplòm avanse yo, jan ou pral wè anba a.

Genyen plizyè domèn pwojè anplis pou ete a k ap kontinye kounyeya ke mwen pa genyen espas pou mansyone, men mwen vle elèv nou yo, fanmi nou yo, ak kominote a konnen ke ekip la nan PPSD ap travay anpil pou kenbe batiman an nan pèspèktiv nou te etabli ane pase a.

## MIZAJOU DISTRI

### Pwogrè Plan Daksyon pou Redrèsman

**Plan Daksyon Kominotè pou Redrèsman an Plan** (TAP) se zetwal polè pou konstwi distri lekòl ke elèv nou yo merite a. Klike isit la pou gade dèyè rapò sou pwogrè a nan TAP, ki genyen ladan etap yo dwe pran nan pilye plan an pou Talan Premye Klas, Ekseplans nan Aprantisaj, Kominote nan Angaje, ak Sistèm Distri ki Efikas. Epitou ou pral aprann ki etap ki annkou oswa y ap planifye apresa pou kontinye pèspèktiv pozitif Distri a.

### Patenarya JWU

Distri Lekòl Piblik Providence lan fyè pou anonse yon patenarya avèk **Johnson and Wales University** (JWU) pou ogmante edikatè premye klas yo nan PPSD. Pwogram diplòm edikasyon nan nivo mètriz ak doktoral yo pral ofri frè ki redwi pou sèten moun nan PPSD ki genyen ladan administratè, pwofesè yo, manm pèsonèl, ak volontè. Elèv mètriz yo pral resevwa yon rabè 50% nan frè yo, pandan kandida doktora yo pral resevwa yon sibvansyon $15,000 sibvansyon. Yo pral aksepte premye gwoup elèv yo pandan otòn.

### Byenvini ak Nouvo Anplwaye PPSD yo

Distri a kontan anpil pou akeyi tout nouvo edikatè nou yo ak manm pèsonèl ki te rejwenn PPSD pou ane lekòl k ap vini an! W ap rejwenn yon ekip edikatè dedye ki pwofonnman angaje nan ede elèv yo reyisi. Epitou nou kontan anpil pou akeyi nouvo ekip lidèchip egzekitif Distri a, ki genyen ladan:

- Arzinia Gill, Direktè Prensipal Sipò Prensipal la
- Cory McCarthy, Direktè Egzektif pou Amelyorasyon nan Lekòl, Rekonsepsyon, & Inovasyon
- Dr. Nkolika Etell Onye, Direktè Jeneral Ekite
- James Scott, Direktè Zafè Entègouvènmantal ak Pwojè Espesyal
- Scott Sutherland, Direktè Egzekitif Lekòl Segondè
- Colleen Van Brunt, Direktè Egzekitif pou Devlopman Pwofesyonèl

### Akademi Pwofesè 2022-23

Distri Lekòl Piblik Providence lan (PPSD) dedye nan bay edikatè yo fòmasyon ak sipò pou asire devlopman pwofesyonèl. Distri a kontan anpil pou anonse **Akademi Pwofesè 2022-2023**, ki pral reyalize apati 15 Dawout jiska 19 Dawout. Akademi ane sa a pral ofri plis pase 100 sesyon ki genyen ladan men pa limite ak sijè sa yo: aprantisaj sosyo-emosyonèl, sipò/estrateji pedagojik pou elèv miltileng yo, pwogram bileng, matematik ak pedagoji nan alfabetizasyon, ekite, ak/oswa ansèyman espesyalize. Pwofesè yo pral resevwa $40/èdtan ak Inite Aprantisaj Pwofesyonèl (PLU) pou tout sesyon yo te asiste. Sesyon yo pral an dirèk epi disponib pou enskri nan Frontline apati 1 Dawout jiska 10 Dawout!

## SELEBRASYON ELÈV YO

Elèv ki travay di e talantye nou yo ap fè bagay ki estrawòdinè chak jou! Men jis kèk egzanp.



### THINGS ARE LOOKING UP

Ete sa a, 12 senyò k ap monte nan **Central High School** te kòmanse plis pase 400 èdtan fòmasyon peye nan Fire Academy avèk Depatman Ponpye Providence lan, an patenarya avèk pwogram CTE Distri ak Akonplis Jinyò nan Rhode Island. Pwogram nan pral reyalize nan pwochen ane lekòl la, epi nan fen an elèv yo pral genyen yon chans pou antre nan Fire Acadeli Vil la pou vin yon ponpye!



### SUMMER SWAG

Elèv yo nan pwogram ete grafik la nan **PCTA** ap mete konpetans yo genyen nan Photoshop an aksyon! Semèn pase, yo te konsepsyone epi te fè chemiz pou tout elèv yo nan pwogram ete CTE a. Ane sa a 200 elèv nan twa lekòl te patisipe nan pwogram **CTE** a, ki genyen ladan plizyè nouvo pwogram tankou fòmasyon pou ponpye, sètifikasyon asistan enfimye ki sètifye (CNA), ak kou doub enskripsyon CCRI a pou elèv **P-TECH** yo.




### ATLÈT ANE A

Felisitasyon ak diplome **Classical High School** Marquis Buchanan, ki te resevwa non Boys Athlete of the Year nan 2022 RI High School Sports Awards! Nou swete Marquis tout sa ki bon pandan li pral jwe wide receiver nan ekip foutbòl Inivèsite Rhode Island nan pandan otòn sa a.




### HOMETOWN HERO

Diplome Maurice Cooper nan**Hope High School** dènyèman te mete aksan sou fonksyonHometown Hero WPRI a. Ane lekòl pase a, Maurice te vin premye konbatan lit sovaj nan Hope High pou resevwa onè Division 1 All-American yo. Otòn sa a, li pral kontinye karyè pwa lou li a nan Johnson and Wales.



## PWOFIL ANPLWAYE A

Aprann konnen moun ki estrawòdinè k ap travay ak elèv nou yo chak jou!

**Tracy Corcoran**
*Pwofesè Pre-K nan Edikasyon Jeneral*

Sitiye nan: **Young Woods Elementary School**

Antre nan PPSD nan: **2020**

***Kijan ou t ap dekri travay ou?***

Chak jou diferan. Epi li okipe – mwatye nan tan an ou bliye manje dejne ou an! Se tankou mwen toujou di, 'èske mwen te manje jodia?' Nan Pre-K travay la evoye anpil pandan ane a tou. Nan kòmansman ane a, ou eseye fè elèv ki pa te janm lwen fanmi yo vin aprann fason pou fè w konfyans ak pou vin plis endepandan. Nou fè anpil travay sosyo-emosyonèl, ki anseye elèv yo konsènan emosyon yo ak fason pou rezoud pwoblèm. Nou se enfimyè, swanyan, abit epitou nou anseye syans, alfabetizasyon, ak matematik. Sa fatigan anpil, men se travay ki bay plis rekonpans. Sa pou sa m ap fè yon bon travay pandan 27 lane.

> "Nou konnen n ap bay elèv sa yo yon edikasyon elemantè wot kalite. Timoun piti sa yo genyen kapasite ak konfyans epi yo prè pou yo lanse yo."

***Ki pati nan prefere w lè ou se yon pwofesè Pre-K?***

Diferans ant timoun mwa Septanm ak timoun mwa Jen. Devlopman nan Pre-K ekstrawòdinè! Yo fini nan timoun piti ki pè anpil - yo lwen fanmi yo, kèk nan yo pale diferan lang, kidonk y ap aprann pou yo kapab endepandan de fanmi yo ak pou jwenn konfidans nan tèt yo. Men nan mwa Jen mwen genyen elèv ki ka swiv yon woutin saldeklas la poukont yo, yo konnen lèt ak son yo, kèk nan yo ap fè lekti, yo ka konte jiska 100, yo genyen konfyans nan tèt yo, epi yo aprann pou vin genyen konpasyan epi pou kapab janti epi pou yo kapab fè zanmi. Epi se tout sa ki pase nan yon ane lekòl!

***Pwogram Pre-K a nan Young Woods dènyèman te vin an premye nan Distri a pou resevwa yon klasman 5 etwal. Kijan nou te santi sa?***

Nou genyen yon ekip ekstrawòdinè. Nou tout te rasanble nan yon lòt distri nan 2020 epi nou te di sa se te yon gran opòtinite. Nou konnen fason pou travay avèk youn lòt, epi ak pwofesè yo nan Young Woods tou menm jan Dr. Relly ak Kelly Spaziano te vrèman anbrase nou epi gide nou. Se yon bèl fanmi isit la, epi sa enpòtan pou nou. Nou chak genyen pwòp klas nou, men kolaborasyon nou te itil anpil nan ansèyman nou an, epi kowòdonatè nou an Diane Nault se yon gran pati nan sa ytou. Klasman 5 etwal la se yon rekonesans pou tout travay sa a. Nou konnen n ap bay elèv sa yo yon edikasyon wot kalite. Timoun sa yo genyen kapasite ak konfyans epi yo prè pou yo lanse yo.

***Kisa ou enpasyan pou retalize ane k ap vini an?***

Mwen toujou di tèt mwen pou sonje nan Septanm ke nouvo elèv yo ap kòmanse apati zewo. Yo pral aprann nan tan, pa atan. Sa vle di mwen rekonsantre m epi mwen sonje ke objektif mwen se pou kreye yon fanmi nan saldeklas nou an, yon kominote kote nou rèspèkte youn lòt epi nou ede youn lòt. Sa konstwi yon pou aprantisaj. Yon fwa nou ede timoun nan kontwole emosyon li yo epi konnen yo fè sousi pou yo isit la, se lè sa nou ka kòmanse vrè aprantisaj la. Nou ede yo nan kòmansman an, men nan fen an yo genyen zouti pou rezoud pwoblèm poukont yo.

## SE YON BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- IIDÈ vil la inogire konstriksyon Annèks Lekòl Primè Frank D. Spaziano a
  WJAR, 20 Jiyè 2022
- Patnè JWU yo avèk lekòl Providence yo pral ogmante kondwit
  Providence Business News yo, 19 Jiyè 2022
- Fè don kamyonèt vle di plis pase mobilite pou fanmi Providence lan
  WPRI, 30 Jiyè 2022
- Pwogram pre-K nan Young Woods Elementary resevwa klasman 5 etal
  Providence Business News, 21 Jiyè 2022
- Atis RI Lego yo devwale replik lekòl primè Providence lan
  WPRI, 20 Jiyè 2022

## NAN DISTRI A



### NOUVO DEPA

Semèn pase, lidè vil Providence lan te rasanble nan Lekòl Elemantè **Frank Spaziano a** pou anonse re-konstriksyon anèks lekòl la ak konstriksyon yon nouvo batiman. Pwojè $44 milyon an pral genyen Pre-K jiska saldeklas senkyèm lane yo ak sal atistik ak sal STEM, yon kafeterya, saldeklas edikasyon espesyal, ak espas jwèt anplenè.




### RECHÈCH MENTÒ AK TITÈ

**City Year Providence** ap rekrite jèn adilt apati laj 17 lane jiska 25 lane antanke mentò ak titè nan Lekòl Piblik Providence yo. Opòtinite a genyen ladan yon alokasyon chak de semèn $935 (anvan-taks), asirans sante ki peye pa anplwayè a, yon rekonpans pou edikasyon, aksè nan bousdetid, devlopman pwofesyonèl, ak aksè dirèk nan opòtinite travay. Pozisyon aplentan sa a pral reyalize apati Dawout 2022 jiska Jen 2023. Aprann plis oswa aplike isit la: https://t.co/xRS9k04GHF



### REKONPANS ELEKTWONIK

Felisitasyon pou ekip Teknoloji Enfòmasyon (IT) nou an ak Ofisye Peter Santos ankò paske yo resevwa rekonpans pou efò yo nan acha ak itilize aparèy elektwonik ki rèspekte nòm anviwònmantal yo nan Distri a. Pou senkyèm ane konsekitif la, ekip IT a te resevwa rekonesans nan men **Global Electronics Council** paske yo te itilize ekipman ki efikas nan kesyon teknoloji, ki dirab, epi ki fasil pou resikle. Parapò ak opsyon ki mwens efikas yo, pandan dènyè ane a sèlman aparèy elektwonik ke ekip IT a te achte te pèmèt ekonomize ase enèji pou founi kouran bay 71 fwaye Ozetazini pandan yon ane antye!



### EKSPLORASYON STEM AN NAN PWOGRAM APRANTISAJ ETE A

**Pwogram Aprantisaj Ete a** se te yon opòtinite pou elèv primè nou yo fè pratik ak pou pèfeksyone konpetans yo nan syans ak nan enjeniri atravè Twous Akseleratè STEM Mystic Aquarium nan. Pwofesè yo te gide elèv yo nan leson pratik ki te konbine devlopman sosyo emosyonèl avèk anrichisman akademik. Apati konstriksyon bato an ajil jiska tou an pay, elèv yo te eksplore karyè STEM yo ak devlopman konpetans ki pral sipòte yo pandan tout ane lekòl la.

## MAKE KALANDRIYE W YO!

- **DÈNYE JOU NAN PWOGRAM APRANTISAJ ETE**
  Vandredi 29 jiyè 2022
- **DEVLOPMAN PWOFESYONÈL RETOU PÈSONÈL LA**
  Lendi 22 Dawout 2022
- **PREMYE JOU LEKÒL YO**
  Lendi 29 Dawout 2022




### SAKADO GRATIS AK MATERYÈL LEKÒL

**Samdi 27 Out**
**10:00 a.m. - 12:00 p.m.**
**Evènman Drive-By**
**Plizyè lye yo genyen ladan:**

- Providence Community Health Center, 31 Atwood St.
- West End Community Center, 109 Bucklin St.
- Enfòmasyon ak Enskripsyon Elèv nan Providence, 325 Ocean St.
- Nathanael Greene Middle School, 721 Chalkstone Ave.




### MANJE GRATIS PANDAN ETE POU ELÈV YO

**Laj 18 ak anba**
**Te kòmanse 5 Jiyè**

Atravè pwogram **PVD MANJE, JWE, APRANN**, tout jèn Providence ki gen laj 18 an oswa mwens yo kalifye pou resevwa repa pandan ete gratis. Repa gratis nan ete a jiska mwa Out. Pou jwenn yon lis konplè kote ak lè, gade depliyan ki atache a oswa vizite eatplaylearnpvd.com/summermeals

Genyen kèk bagay tèrifik k ap pase nan Distri a epi nou vle mete tout moun okouran! Si ou gen yon pwogram, yon evènman, yon manm estaf la oswa yon elèv ki genyen yon bèl istwa li ta renmen pataje, tanpri voye yon imèl bay communications@ppsd.org.

Providence Schools

© 2022 Providence Public Schools · communications@ppsd.org · www.providenceschools.org